

Mande'm de Machin Senp!

Jodi a, yon enstriktè de Mize Discovery nan Acton te vizite nan klas mwen e li te fè yon pwogram sou machin senp. Yon tip de machin senp se yon levye.

Mande'm kijan timoun ki pi piti an te kapab leve pwofesè an e kijan ke mwen kapab level yon bagay lou ak jis fòs ti dwèt mwen.

An nou identife levye nan kay nou ke nou sèvi chak jou, tankou manch robinèt ak sizo, e m'ap montre'w lokasyon yon bagay lou, efò ak pwen apwi a.

Ansam nou kapab dekouvre plis si nou bati yon katapil jan yo dekri li pa anba.

Bati yon Katapil

Kisa ke ou bezwen:

- yon sèso an fè
- 2 elastik epè
- yon kiyè plastik
- yon pè pens
- yon ti boul papye

Kisa pou fè:

1. Mete sèso a sou yon tab epi pliye "zèl" sèso a kanpe vètikal.
2. Peze pwent chak zèl pou li pi mens epi pliye yo tou piti pou ale deyò.
3. Glise yon elastik sou de zèl yo, etann li nan mitan yo.
4. Glise manch lan nan yon kiyè plastik ant elastik lan, epi tòde gwoup la.
5. Lè elastik la byen sere, glise yon lòt elastik sou pwent krochi a pou li frape kiyè a kote bòl la rantre nan manch lan.
6. Ajiste elastik ki tòde an a apeprè $1 \frac{1}{2}$ " de pwent manch kiyè an.
7. Mete yon ti boul papye nan fon kiyè an. Rale Kiyè an, a lage'l

Gade ki kote papye ale e nan ki direksyon. Kijan ke ou kapab ajiste katapil lan pou kapab chanje jan sa pase? Eksperimante ak elastik ki pi epè oubyen pi fen oubyen yon diferan tip de kiyè.

